Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 37 (7541)
15 сентябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление



На днях, свой день рождения отмечал Глава Республики Дагестан, грамотный руководитель и управленец Сергей Алимович Меликов.

За период работы на посту руководителя республики Сергей Алимович глубоко погрузился в проблемы Дагестана и его жителей, сделал все для улучшения качества жизни населения, способствовал и способствует развитию экономики, туризма, культуры, образования и других сфер, от которых напрямую зависит благосостояние нашего народа.

Профессионализм и личные качества Сергея Меликова способствуют динамичному социально-экономическому развитию Дагестана.

Огромную помощь и поддержку оказывает Сергей Алимович и нашим военным, находящимся на специальной военной операции на Украине. Болеет всей душой за интересы нашего государства в это непростое время.

Уважаемый Сергей Алимович!

Ваше неравнодушное отношение к проблемам населения, самоотдача, умение прислушиваться к общественному мнению, высокий авторитет и уважение среди дагестанцев, руководства федеральных органов власти и российской общественности неоспоримы.

Примите самые искренние поздравления с Вашим днем рождения от имени всех жителей Унцукульского района и от себя лично!

Крепкого Вам здоровья, счастья, благополучия, мира, добра, радости и долгих лет жизни!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
***Иса Нурмагомедов***

## Майданскиялда цІалул анкь-байрахъ борхиялдасан



ТІолабго Россиялдаго гІадин нилъер районалдаги тІоцебесеб цІалул анкь байбихьана пачалихъияб байрахъ борхиялдаса ва гимн ахІиялдасан. Гьединаб тІалаб буго Россиялъул Минпросвещениялъул, гьелъул мурад буго гІун бачІунеб гІел ВатІан бокьиялъул рухІалда куцай. Киналго школал хьезарун руго пачалихъиял символикабаздалъун.

Байрахъ борхи букІине буго хадурккунисел лъай кьеялъул учреждениязда тІоритІулел рохалилал тадбиразда, лъималаз хІухьбахъулел бакІазда, Россиялдаго батІи-батІиял спортивиял тадбирал тІоритІулаго.

## Районалъул бетІерас объектазул хал гьабуна

13 сентябралда районалъул бетІер ГІиса НурмухІамадовас хал гьабуна Унсоколо росулъ балеб бугеб ясли-ахалъул. Гьенир бетІерасда цадахъ гІахьаллъи гьабуна зам. Карамагомед Абдулхаликовасги, контрольно-счетнияб палатаялъул председатель Амир Насрудиновасги.



ГІиса НурмухІамадовас хал гьабуна качество ва ригь балеб объекталъул. РакІалде щвезабизин, гьаб соналъул 20 декабралда объект лъугІун букІине ккола.

Ясли-ах балеб буго «Демография» - абураб нацпроекталъул гІурхъуда, ва гьениб бихьизабун буго 120 бакІ.

Гьединго районалъул бетІер щвана ЦІатІанихъ росулъа бугел школалде ва ясли – ахалде. Гьел объектазда бетІерас хал гьабуна цІадул хІинкъи ва антитеррорлъиялъул божараб мугъчІвайялъул, цІали – лъай ва тарбия кьеялъулги. Нухмалъулел тІадчагІазул мурад – милаталъул суалалги рорхана.

## КІвар бугел гара-чІвариял



Гьаб соналъул тІоцебесеб сентябралда нилъер ВатІаналъул киналго школазда жидерго хІалтІи байбихьана «Разговоры о важном» проекталда рекъон. Гьанжеялдаса нахъе цІалул щибаб анкь байбихьизе буго гьеб темаялдасан.

Майданское росулъ «Разговоры о важном» хурхараб букІана ВатІаналъул темаялда. БатІи-батІиял классазда гара-чІвари гьабуна батІи-батІиял темабазда: «Наша страна – Россия», «От поколения к поколению: любовь россиян к Родине», «Что мы Родиной зовем?».

Тадбиралъул аслияб масъала ккола цІалдохъабазулъ ВатІаналде рокьи бижизаби, сверухълъиялдехун цІуна-къай букІинаби.

Лъимал кІудияб гъираялда гІенеккана цІияб форматалъухъ.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 37 (7541)
Хамиз
15 сентябрь 2022 сон

2 гьумер

Дагъистаналъул гIорхъода ккуна Азербайджаналдасаги Ираналдасаги бачIунеб 70 тонна загърузял овощазул. Гьелъул хIакъалъулъ лъазабуна августалъулаб отчет кьолаго Кавказалъул регионазда гьоркьосеб Россельхознадзоралъул управлениялъ.
Загърузял овощазда гьоркьор ратана салаталъул 45 тонна, клубникадул 5 тонна, гьединго 19 тонна мокьролги. Кинабниги Россиялъул базаразде риччачIо 70 тонна гIанисел овощалгун пихъал.

ЛъикIал гIадамазул хIакъалъулъ - рагIи

# ХIалимай эбел ва лъикIай финансист



ГьитIинаб къоялдаса нахъего рокьулаан ГIазраъ МухIамадовалъе хIисаб-суалги, цифрабиги, гьединлъидал жеги лъимерлъудаго гьелъ жиндиего гьабуна къотIи - финансистлъун яхъине.

Жиндирго букIинесеб махщел гьелъ хIисаб суалалъул лъай-хъвай ккарабго бачIинахъего тIаса бищана. Цифрабазулги формулазулги гIажаибаб дунялалъ абадиялъего кверде йосана Г1азраъ. Гьале къогоялдаса цIикIкIун соналъ хIалтIулей йиго гьей райадминистрациялъул финансазул отделалда бетIерай специалистлъун. Абизе бегьула гьей йигин хиси гьечIей, къиматай хIалтIухъан,- абун.

Гьеб гуребги ГIазраъ школалда цIалулей мехалъго йикIана ц1одорай яс, тIадегIанал къиматазда лъугIизабуна школа, хадуб лъугIизабуна финансовиябгун-экономикияб колледж. ТIаса бицараб махщалиде бугеб рокьиялъ колледжалда гIей гьабун чIечIо ГIазраъ. ХIалтIуда цадахъго лъугIизабуна ДГПУялъул «Экономика и управление» факультет. Гьелъ бицуна ГIазраъ гьоркьоса къотIичIого, жиндирго лъай борхизаби мурадалда, тIад хIалтIулей йикIиналъ.

Тарихазде бугеб рокьи гьелъул жеги цIикIкIана ВУЗалда цIалулеб заманалда. Гьениб унго-унголъунги гьелда бичIчIана цохIо математика лъаялъ гIей гьабуларебльи, лъазе кколеб букIана улкаялда бугеб экономикияб хIалги, законодательствоги, кинабго информациялъе битIун къимат кьезеги. Гьеб киналъго гьелъие тарихазул дунялалда щибаб гали цIодорго тIамизе кумек гьабула. Гьелъие жеги кумекалъе къваригIуна лъикIаб ракIалда жо чIейги. Абизе кIола гьеб кинабго ГIазраъ МухIамадовалъулъ гIунги тIокIаб къадаралда бугилан.

ГIазраилгун букIараб гара чIвариялда гьелъ нижеда абуна: «Яги мун финансаздаса нахъе ине ккола, гьаб дир иш гурилан, яги гьелъухъ абадиялъего рокьи ккезе ккола»,-ян. Нижер хIалтIулъ аслияблъун буго консолидированнияб бюджет гьаби ва гьеб тIубазаби. Гьал къокъал рагIабазда нахъа буго гIемер батIи-батIияб, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи: бюджет бикьиги, налогазулаб политикаги, гьеб гIумроялде бахъинабиги, бюджеталъул расходазе гIарац чIезабиги, финансазда хурхарал киналго захIмалъабазде гьорлъе раккун гьеб лъазабиги, гьел лъугIизаризе хIалтIиги, планал гьариги, гьелда хадуб хал кквейги, киналго финансазул хIисаб-суал гьабиги ва цогидабги. Гьеб гуребги гьелдаса дагьаб гьечIеб къадар хIалтIул букIана финансазул цогидал бутIабазда; гьел киналго гьанир рехсон хIал кIвеларо. Гьел аслиял рахъал гIумроялде рахъинаризе бажарилароан отделалъе нухмалъи гьабулев лъай цIикIкIарав, ракI бацIцIадав, жиндирго ишалъе тIуванго кьурав нухмалъулев Жамал МухIамадович ва цадахъ х1алт1улел специалистал рукIинчIелани,-ян абунаГ1азраица.

АбичIого гIоларо кигIанго регIулареб, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи букIаниги ГIазраъ МухIамадова ккола жиндирго лъималазе кидаго заман батулей хIалимай эбелги, божарай гьудулги, лъик1ай тарбияч1ужуги. ТIаса йичIизе рес гьечIеб щибаб къойилаб хIалтIуцаги, бюджеталъулги налогазулги кидаго хисулел законазги, цогидал захIмалъабазги квал-квал гьабуларо гьелъие унго-унгояй эбеллъун йикIине. Амма балагьараб мехалъ хIаракат бахъани кIолеб буго унго-унгояй хIалтIухъанлъунги лъикIай эбеллъунги йикIине, амма хутIулеб гьечIоан гьелъие хIалхьи гьабизе заман. ГIадада гурелъулха абулеб: «Х1алт1и гьабизе бокьарас нухал ратулин, бокьуларес гIиллаби ратулин».

ГIиллаби ратизе хIалго бихьичIо ГIазраъ ГIабдурахIмановналъ. Гьединлъидал, цойги нухалъ абуниги, гьей ккола жиндаса лъимал чIухIулей, лъикIай, хIурматияй эбелги, лъай цIикIкIарай, к1вах1 лъаларей хIалтIухъанги. Баркала, Дуе, ГIазраъ, гьеб киналъухъго!

**Мадина СУЛТIАНОВА**

# ТIаде къабул гьаруна

Гьал къоязда хIалтIулаб сапаргун нилъер районалде вачIун вукIана районазда гьоркьосеб тIабигIатгун лъел сурсатал цIуниялъул рахъалъ



республикаялъул прокурорасул заместитель Насимов Шамиль Мустафаевич.

Гьес жамагIатчагIи тIаде къабул гьаруна сверухълъиялдаса ва тIабигIаталдаса пайда босиялда хурхун ругел суалазухъ гIенеккизе.

Районалъул росабалъа гIемерал гIадамал тIаде къабул гьаруна гьеб къоялъ Ш. Насимовас. ТIоцеве Рихьуни ГЭСалъул хIорил рагIалда рацIа-ракъалъи чIезабиялда ва мусор баччиялда хурхараб суалгун вачIана Майданское росдал жамагIаталъул вакил АхIмад ХIамзатов. Гьесул рагIабазда рекъон Майданское росдал жамагIаталъ чанго нухалда, батIи-батIиял инстанциязде хъвана бугеб захIмалъиялъул, гьарана хIорил рагIаллъаби рацIцIад гьариялъе техникаялдалъун кумек гьабеян, амма кинаб букIаниги цебехун туркIи гьеб суалалда хурхун ккечIо.

Гьабун рагIалде бахъинчIеб лъим бацIцIад гьабиялъул объекталъул бицун вачIана Рихьуни росулъа ГIабдурашид ГIабдуразакъов. Гьес прокурорасул заместителасда бицана чанго соналъ цебе гьабизе байбихьараб, амма гьабун рагIалде бахъинчIеб гьеб объекталъул. КигIан заман гьабизе байбихьун аниги гьеб жеги хIалтIизабизе кьун гьечIо ва жамагIаталъе кинаб букIаниги гьелдасан пайдаги гьечIо,-ян абуна ГIабдурашидица.

Шамильхъала поселокалда ругел захIмалъабазул бицун ячIун йикIана «УК Шамилькала» ОООялъул заместитель Суайбат ХIамзатова. Гьелъ тIадчIей гьабуна поселокалда жанисан ругел лъел трубаби басралъун рукIиналда, лъедалъун гIадамал хьезариялда ругел захIмалъабазда, бацIцIадаб лъим чIезабиялда. Гьединго Суайбатица гьарана поселокалдаса мусор баччиялде кIвар бусинабеян.

Гьебго, мусор баччиялъул суалгун кIалъана Унсоколо росдал бетIер ХIабиб ГIабдулаев.



Бихьулеб букIана гьеб суалалъ росдал бетIерасул кутакалда рахIат хвезабун букIин.

Жиндехун гьарурал киналго хитIабал хъвана Шамиль Насимовас, бицана суалал гIумроялде рахъинариялъе ругел ресазул, рагIи кьуна киназего кинабго рахъалъ кумек гьабизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 37 (7541)
Хамиз
15 сентябрь 2022 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере



# Ответственность за нарушение требований пожарной безопасности

**Виды ответственности.**

За правонарушения в области пожарной безопасности, в том числе несоблюдение ТПБ, предусмотрено три вида ответственности:

- уголовное наказание,
- административное наказание,
- дисциплинарное взыскание.

Уголовная ответственность за нарушение правил пожарной безопасности.

В Уголовном кодексе РФ предусмотрены наказания за нарушение ТПБ в статье 219 В пункте 1 статьи 219 УК РФ рассматривается нарушение ТПБ ответственным лицом по неосторожности, которое повлекло тяжкий вред здоровью пострадавших. Для виновных предусмотрено:

- Штраф от 80 000 руб., либо заработная плата (иной доход) осужденного за полгода.
- Ограничение свободы до трех лет.
- Лишение свободы до трех лет плюс лишение права заниматься определенной деятельностью или занимать определенные должности (или без таковых).

В пункте 2 статьи 219 УК РФ рассматривается то же деяние, но уже если оно повлекло смерть по неосторожности.

Виновные наказываются на срок до пяти лет лишением свободы. Их также могут лишить права заниматься определенными видами деятельности либо занимать определенные должности на срок до трех лет.

В пункте 3 статьи 219 УК РФ предусмотрено наказание за деяние, описанное в пункте 1, но имевшее отягчающее последствие, а именно наступила смерть двух или более человек. В таком случае виновный будет наказан лишением свободы на срок до семи лет. Вдобавок виновному могут также запретить заниматься определенными видами деятельности либо занимать определенные должности на срок до трех лет. Административная ответственность за нарушение правил пожарной безопасности

В Кодексе РФ об административных правонарушениях (статья 20.4 КоАП РФ) предусмотрены наказания как для физических, так и для юридических лиц. По обыкновению административное наказание реализуется при помощи предупреждений и денежных взысканий. Штрафы за нарушение пожарной безопасности определены по степени отклонения от ТПБ, по уровню сложности ситуации, по степени значимости в обществе виновных лиц.

В части первой (20.4 статьи) обозначены нарушения ТПБ в обычных жизненных условиях (исключаются случаи, описанные в статьях 8.32 и 11.16 КоАП и в частях 6, 6.1 и 7 данной статьи):

Для граждан предусмотрено предупреждение или штраф от 2 до 3 тысяч рублей. Для должностных лиц штрафы от 6 до 15 тысяч рублей. Для предпринимателей — от 20 до 30 тысяч рублей. Для юридических лиц — от 150 до 200 тысяч рублей.

Во второй части (ст. 20.4 КоАП) рассматриваются те же действия, но уже в других условиях. А именно, когда властями (федеральными или местными) объявлен особый противопожарный режим (статья 30 ФЗ «О пожарной безопасности» от 21.12.1994, № 69-ФЗ): Для граждан предусмотрен штраф от 2 до 4 тысяч рублей. Для должностных лиц штрафы от 15 до 30 тысяч рублей. Для предпринимателей — от 30 до 40 тысяч рублей. Для юридических лиц — от 200 до 400 тысяч рублей.

В шестой части статьи 20.4 рассматриваются нарушения ТПБ, которые повлекли возникновение пожара. Если причинен легкий или средний вред здоровью людей, если повредилось или уничтожилось имущество чужое, то штрафная градация следующая: Для граждан от 4 до 5 тысяч рублей. Для должностных лиц от 40 до 50 тысяч рублей. Для юридических лиц — от 350 до 400 тысяч рублей.

В части 6.1 статьи 20.4 обозначены нарушения ТПБ, повлекшие тяжкий вред здоровью или смерть людей на пожаре. За эти деяния (бездействия) предусмотрены административные штрафы для юридических лиц от 600 тысяч до 1 млн рублей.

В части 7 статьи 20.4 предусмотрена ответственность производителей (поставщиков) продукции, в тех. документации к которой должна содержаться информация о пожарной опасности. Если производитель или поставщик реализует опасные вещества, материалы, изделия, но не информирует потребителей о степени их опасности и мерах предосторожности обращения с ними (в случае наличия обязанности), то его нарушение наказывается штрафом:

Для должностных лиц штрафы от 15 до 20 тысяч рублей. Для юридических лиц — от 90 до 100 тысяч рублей.

Девятая часть статьи 20.4 предусматривает ответственность эксперта, который оценивает пожарный риск и нарушает при этом заведенный порядок. Как оценивать соответствие продукции или объектов противопожарной защиты требованиям пожарной безопасности прописано в разделе VII «Технического регламента о ТПБ» (№ 123-ФЗ от 22 июля 2008 года). Если эксперт, проводя независимую оценку (аудит пожарной безопасности), делает ложное заключение, то его деяние влечет наложение штрафа или дисквалификацию. Для должностных лиц предусмотрены административные штрафы от 15 до 20 тысяч рублей. Дисквалификация налагается на срок от 1 года до 3 лет.

Дисциплинарная ответственность за нарушение правил пожарной безопасности Дисциплинарная ответственность реализуется в рамках отдельно взятой организации (предприятия) согласно Трудовому кодексу РФ. Если на предприятии работник обязан выполнять соответствующие требования пожарной безопасности, которые возложены на него работодателем, а он их не соблюдает, то его ждет замечание, выговор или увольнение (в зависимости от степени тяжести нарушений). Материальная ответственность также может возлагаться на виновного в пределах его среднего заработка или в полном размере.

# Информирование о важности прохождения диспансеризации и проф. медицинских осмотров в целях оценки состояния здоровья, раннего выявления онкологических, сердечно сосудистых и других заболеваний

Диспансеризация относится к приоритетным медицинским мероприятиям профилактики заболеваний, проведение которых направлено на раннее выявление хронических неинфекционных заболеваний, таких как: болезни системы кровообращения, злокачественные новообразования, сахарный диабет, хронические болезни лёгких. Кроме того, диспансеризация направлена на выявление и коррекцию основных факторов риска развития заболеваний, к которым относятся: повышенный уровень артериального давления, холестерина и глюкозы в крови, курение табака, пагубное потребление алкоголя, нерациональное питание, низкая физическая активность. Любые заболевания, обнаруженные в ранней стадии, гораздо легче лечить без последующих осложнений. Главная цель диспансеризации: как можно раньше обнаружить заболевание, выявить и скорректировать факторы риска его развития.

Диспансеризация – это бесплатное обследование и проводится оно на добровольных основаниях:1 раз в три года – гражданам в возрасте от 18 до 39 лет; ежегодно – для граждан старше 40 лет.

Для прохождения диспансеризации нужно взять с собой паспорт, полис ОМС и обратиться в регистратуру поликлиники, к которой вы прикреплены.

Согласно статье 185.1 Трудового кодекса Российской Федерации работодатель обязан предоставить работнику оплачиваемые выходные дни для прохождения диспансеризации:

1 день раз в 3 года с сохранением места работы и среднего заработка; 2 дня ежегодно работающим пенсионерам и лицам пред пенсионного возраста.

Диспансеризация может проводиться в один или два этапа, в зависимости от результатов обследований, полученных на I этапе. Кроме осмотра и беседы с врачом, I ЭТАП диспансеризации включает: расчет индекса массы тела, измерение артериального давления, проверку уровня сахара и холестерина в крови, общий анализ крови, ЭКГ, раз в два года – флюорография. Начиная с 40 лет на I этапе применяются методы ранней диагностики онкологических заболеваний. По итогам I этапа определяется группа здоровья человека.

II ЭТАП диспансеризации проводится при наличии показаний по назначению терапевта и включает в себя консультации врачей-специалистов (невролога, уролога, офтальмолога и др.) и ряд лабораторных и инструментальных исследований, позволяющих углубленно оценить состояние здоровья.

Двухэтапная диспансеризация позволяет вовремя диагностировать и выявить сложные хронические заболевания, которые приводят к полной потере трудоспособности и ранней смерти.

**ВЫЯВЛЕНИЕ ОНКОЛОГИИ НА РАННЕЙ СТАДИИ**

Теперь даже на первом этапе диспансеризации будет проводиться скрининг, чтобы вовремя обнаружить онкологию. Для каждого возраста-отдельный список обследований. Есть обследования даже кому 18 лет.

Самая насыщенная программа – для женщин 45-50 лет, когда наиболее велики шансы выявить распространённые онкологические заболевания на ранних стадиях. Будут проведены скрининги и на рак шейки матки, и молочной железы и на колоректальный рак. В 45 лет предусматривается гастродуодено- скопия для всех граждан. Для мужчин в пяти возрастах (в 45, 50, 55, 60 лет и в 64 года) – анализ на простатспецифический антиген для выявления риска рака предстательной железы.

Необходимо знать, что профилактический медицинский осмотр возможно пройти ежегодно! При проведении профилактического медицинского осмотра проводится анкетирование, расчет индекса массы тела, измерение артериального давления, исследование уровня холестерина и глюкозы в крови, флюорография, ЭКГ и измерение внутриглазного давления.

Профилактические мероприятия должны стать верным спутником в укреплении и сохранении вашего здоровья, продлении молодости и активной жизни!

Для бесплатного проведения профилактических мероприятий необходимо обратиться в поликлинику, к которой Вы прикреплены: в регистратуру, к участковому врачу, участковой медицинской сестре или в отделение (кабинет) медицинской профилактики.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

# ЛъикIав хIалтIухъан



ЦIакъго гIемераб заман хIалтIуда бан гьечIониги, гIураб хIалбихьи щварав ва жиндаго тIадал ишаздехун ракI унтун балагьулев, хIалтIи лъалев специалист ккола хIалтIи гьечIого хутIаразул Централъул хIалтIухъан МухIамадгIалиев Рашид АхIмадович. Гьес щибаб къойилаб бербалагьиялда гъоркь чIезабун ва щулияб бухьен ккун букIуна заманаялъ хIалтIи гьечIого хутаразулгун ва жигараб хIаракат бахъула гьезие данде кколел хIалтIаби ралагьиялда, кидагосеб бухьен букIуна Россиялъул батIи-батIиял регионазулгун. Гьенисан хIалтIухъаби къваригIарал организациязул нухмалъулезулгун гарачIвариял гьарула, данде кколеб бугони, ресалда рекъон ритIула гьенире хIалтIизе.

Гьеб гуребги, туснахъалда рукIун къватIире рачIаразулгун букIуна гьесул лъикIаб бухьен. КIвараб кумек гьабула гьезие гIумруялъул нухда дандчIвалел захIмалъаби лъугIизариялъе, хIалтIудалъун гьел хьезариялъе.

БихьичIого хутIичIо районалъул нухмалъиялдаги гьесул жигарчилъи. Дагьал церегIан къоязда район администрациялъул актовияб залалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас Баркалаялъул Кагъат кьуна Рашид МухIамадгIалиевасе. Шапакъат кьолеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасги, администрациялъул отделазул нухмалъулезги.

Баркула дуда, Рашид МухIамадгIалиев, гьеб тIадегIанаб шапакъат, гьарула хIалтIулъ жеги чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби, чорхое салъи ва гIумрудулъ кинабго лъикIабщинаб!

**С. МУХIАМАДОВ.**

КIвар бугеб суал

# РацIцIалъи кибго хIажалъула



Лъимерлъудаго инсан куцула рацIаракъалъиялде, вакIа-вахариялде. Гьез мисал босула эбел-инсудасан, гьезда гьеб малъула ясли-ахазда, школазда ва дир хIисабалда, аслияблъун мисал босизе букIуна рацIалъиялда хурхун сверухълъиялда бугеб ахIвал-хIал.

Бихьулеб буго къойидаса-къойиде гIадамал культураялде, рацIцIа-ракъалъиялде рачIунел рукIин. Мисалалъе; къачIалел руго азбарал, азбаразда сверухълъи, бетон тIун къачIалел руго нухал. Гьеб суалалда хурхун Унсоколо росулъ хал гьабуни ахирияб 3-4 сонида жаниб гIемераб хIалтIи гьабуна рацIцIалъиялда хурхун. КъватIахъ лъун руго мусор балел бакал, гьаб ахирияб заманалда дагьалго захIмалъаби дандчIвалел рукIаниги, заманалда нахъе баччулеб буго мусор.

КIудияб кIвар буго жалго гIадамазда, авалазда рацIцIалъиялъул кIвар бичIчIиялъулги. Масала; «ТIехIмагъилъ» авалалъул гIадамаз, жидецаго гIарацги бакIарул къотIноб т1уна бетон. БатIияб нур бачIун буго гьеб бакIалда. Гьединго кIвар кьолеб буго тIабигIияб чороклъиялдаса бацIцIад гьабиялдеги. Гьал къоязда дун щвана «ГIашильтIа» рохьове. Цебеялде дандеккун гIезегIанго бацIцIалъиялда чIезабун бугоан гьебги.

Аллагьас тавпикъ кьеги нилъее лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
**Нижер мухбир**

ХIажатаб тадбир

# Кино бахъиялъулъ гIахьаллъана

**ГIадатияб гуреб сёмкаби рахъана дагьал церегIан къоязда ГIашилтIа росулъ. «Дагестан» РГВКялъул репортераз кино бахъулеб букIана некIсияб гIадаталда бертин гьабиялъул хIакъалъулъ. Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна ГIашилтIа СОШалъул цIалдохъаби Маликова Асиятица ва ГIамирханова Асуца. Киноялъул аслияб мурад букIана тIубараб дунялалдаго нилъер некIсиял гIадатазул хIакъалъулъ лъазаби. БитIун бицани росулъ лъиданиги лъалароан репортерал рачIине рукIин, гьезие гьеб букIана ракIалдаго гьечIеблъун. Киналго рукIана рахIатхун «ХIасил кинабдай ккела, бажаричIого гIадамал релъараб хIасил ккеладай»,-ян. Рецц Аллагьасе, кинабго ана кутакалда лъикI.**

Гьанже бицинин кинан кино бахъи арабали. Дир учительницаялъ дида божилъи гьабуна бахIаралъул гьудулалъул роль хIазе.



ЗахIматго букIана, амма дие гьеб бокьана.

Цебе гIадатлъун букIана бахIарай, бахIаралъул гьудул ва цебесеб гIагарлъи чIолаан инсул рокъор. ГьединлЪидал кино бахъизегIан, хIакъикъаталъе битIараб къимат кьезе нижеца тIаса бищана басриябго рукъ. Гьелдаса хадуб бахIаралда хадур рачIана бахIарасул гIагарлъи. Живго бахIарав гьеб ишалъулъ гIахьаллъуларoан. Гьев бахIаралъухъ валагьун чIезе кколаан эбел-инсул азбаралъув. Нухазда чIун ратулаан гIурдул кодор ккурал гIадамал, гьез бахIаралъул гьудулзабаздаса тIалаб гьабулаан магъало, гьеб кьечIого нухдаги ринчаларoан. Гьеб сценариялда рекъон бахъана киноги. КучIдулгун кьурдабигун щвана бахIарасул бакIалде. Гьенир ратана бахIарасул гIагарлъи ва берталъе ахIарал. ГIадат хIисабалда бахIарасул эбелалъ бахIаралъеги гьудулалъеги кьуна гьоцIо. Эбелалъул ва инсул яцаз хьана гIисинаб гIарац ва гьуинлъаби, доб заманалда гьеб букIана цIулакьо яги гьурчIун. ГIисинал лъималаз гьираялда бакIарана гьеб...

Гьай-гьай цониги бертин унароан кьурдаби, кечI ахIи гьечIого, гьединаб букIана гIадат. ТIоцере кьурдизе рахъана бахIарасул эбел-эмен. Гьелъул магIна ккола гьезул адаб-хатир гьаби. Хадуб гIагарлъиялъ кьурдизе яхъинаюна бахIарай, гьелъул гьудулзаби кьуричIого чIезе кколаан гьелда аскIор. Гьедин гьабизе кколаан бахIарай «йикъунгутIизе». Викъизе рес букIана бахIаравги. БукIана цоги гIадат - бахIарасул гьудулас кьурдизе яхъинайизе кколаан бахIаралъул гьудул, жиндирго иргаялда гьелъги вахъинавулаан бахIарав. Гьелдаса хадур рахъунаан кьурдизе бахIаравги бахIарайги. Хадуб ирга щолаан киналго берталъе ахIаразде. КватIараб сардилъ меж щвезегIан халат бахъунаан сухIмат, кеп.

Заман щвана репортёрал нухда регIизе. Гьел нухда рахъаралго базе байбихьана баракатаб цIад. Гьелъги бицуна тадбир баркат бугеб букIиналъул!

Кинабго ана гIажаибго ракIазе асар гьабуледухъ. Бокьилаан жеги гьединал тадбирал тIоритIани. Бокьун буго гьединго баркала загьир гьабизе РГВКялъул репортёразе, гьединаб гьайбатаб пикру гIумроялде бахъинабуралъухъ. Гьединго баркала кьезе бокьун буго дир классалъул руководитель ва организатор БатIалова ПатIиматие. Баркала, нужее, гьеб цебесеб гIадаталъул берцинлъиялъул дицаго хIалбихьизе кьураб ресалъухъ. Гьеб букIана гIажаибаб асар.

**Асият МАЛИКОВА.**
**ГIашилтIа росу.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 14.09. 2022 г.
16. 50
фактически -16. 40 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.